



**RIVYÈ LOWER NEPONSET
PLAN PATISIPASYON KOMINOTÈ**



Novanm 2023

BYENVINI

Chè Lektè,

Plan Patisipasyon Kominotè (CIP) sa a se yon dokiman “vivan”. Sa vle di yo ka fè mizajou oswa revize CIP a pandan:

- Netwayaj ap pwogrese.
- Kondisyon sit yo ap chanje.
- EPA resevwa opinyon enpòtan nan men kominote zòn yo oswa lòt pati konsène yo sou travay netwayaj yo.

Pou plis enfòmasyon sou sit Rivyè Lower Neponset Superfund lan, tanpri vizite paj wèb sit EPA a nan www.epa.gov/superfund/lowerneponset. Ou ka konsilte dokiman sit yo tou an pèsòn nan youn nan twa depo enfòmasyon ki endike nan paj 22. Ou ka konsilte dokiman sit yo sou entènèt apati nenpòt òdinatè oswa aparèy mobil ki gen aksè Entènèt. Ou ka konsilte paj wèb sit EPA a tou lè w sèvi ak kòd QR ki adwat la. Pou itilize kòd QR la, louvri kamera smatfòn ou. Santre kòd la nan ekran an jiskaske ou wè yon notifikasyon ki parèt. Klike sou notifikasyon an pou ale nan paj wèb sit EPA a.

EPA Vle Tande W!

EPA ap chèche fidbak kominote a konsènan:

- Enfòmasyon ki nan CIP sa a.
- Bezwèn komunikasyon ki gen rapò ak sit ou an.
- Enkyetid ak atant konsènan netwayaj la.
- Ki jan ou prefere resevwa enfòmasyon nan men EPA.

CIP a afiche sou sit entènèt EPA a tou. EPA envite kominote a bay opinyon ak fidbak sou travay li nan sit la.



Sèvi ak kòd QR sa a pou konsilte paj wèb sit EPA a.

Pou soumèt kòmantè, tanpri kontakte kontak ki pi ba yo:

Ajans Pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) Rejyon 1

5 Post Office Square – Suite 100
Boston, MA 02109

ZaNetta Purnell
Kowòdonatè Patisipasyon Kominotè
(617) 918-1306
purnell.zanetta@epa.gov

Natalie Burgo
Direktè Pwojè Mezi pou Koreksyon
(617) 918-1331
burgo.natalie@epa.gov

Alexander Pluta
Direktè Pwojè Mezi pou Koreksyon
(617) 918-1258
pluta.alexander@epa.gov

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP)

100 Cambridge Street, 9yèm Etaj, Suite 100
Boston, MA 02104

Jennifer McWeeney
Direktè Pwojè Mezi pou Koreksyon
(617) 654-6560
jennifer.mcweeney@mass.gov

LIS CHAPIT YO

ENTWODIKSYON	<ul style="list-style-type: none">EntwodiksyonPatisipasyon Kominotè nan Sit Superfund Rivyè Lower Neponset	5
KONSÈNAN SIT LA	<ul style="list-style-type: none">Prezantasyon Sit laKalandriye Sit	6
KOMINOTE YO	<ul style="list-style-type: none">Konsènan Kominote yoDone Demografi Kominote yoAktivite Patisipasyon Kominotè ki Pase yoJistics AnviwònmantalApèsi sou Pwosesis CIP laPwoblèm ak Enkyetid Kominotè	8
PLAN DAKSYON PATISIPASYON KOMINOTÈ A	<ul style="list-style-type: none">Entwodiksyon nan Plan Dakson anKominikasyon k Ap KontinyeAktivite ak Zouti Patisipasyon Kominotè yo	15
ANÈKS	<ul style="list-style-type: none">Pwosesis Koreksyon SuperfundKontak Prensipal yoMedya Lokal yoDepo EnfòmasyonResous Asistans Teknik KominotèReyitilizasyon ak Redevlopman SitKesyonè Entèvyou Kominotè/ Pati Konsène yoRezime Kòmantè KominotèSondaj Kominotè sou Evalyasyon reyitilizasyonJesyon Resous Kiltirèl	19

Akwonim ak Abrevyasyon

ADA	Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap	NCP	Plan Ijans Nasyonal Kont Polisyon Gaz ak Sibstans Danjre
ACHP	Konsèy Konsilitatif sou Prezèvazyon Istorik	NPL	Lis Priyorite Nasyonal
BCYF	Sant Boston pou Jèn ak Fanmi	PCB	Difenil Poliklore
CAG	Gwoup Konsilitatif Kominotè	PM	Matyè Patikil
CERCLA	Lwa sou Entèvansyon Anviwònmantal, Konpansasyon ak Responsabilite Konplè	RI/FS	Ankèt sou Reparasyon/ Etid Fezablite
CIP	Plan Patisipasyon Kominotè	ROD	Anrejistreman Desizyon
CPS	Kolaborasyon pou Rezoud Pwoblèm	SARA	Lwa 1986 pou Amannman ak Reyotorizasyon Superfund
DPM	Matyè Patikil Dyezèl	TAG	Sibvansyon Asistans Teknik
EPA	Ajans Etazini pou Pwoteksyon Anviwònman	TASC	Sèvis Asistans Teknik pou Kominote yo
HRS	Sistèm Klasman Danje	USACE	Kò Enjenyè Lame Etazini
MA	Massachusetts	USGS	Ankèt Jeyolojik Etazini
MassDEP	Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts		

ENTWODIKSYON

Objektif Plan Patisipasyon Kominotè (CIP) sa a se ankouraje ak fasilité angajman kominote a pandan tout netwayaj sit Superfund Rivyè Lower Neponset (Sit la). CIP a dekri kijan EPA pral enplike kominote zòn yo epi reponn bezwen lokal yo pandan pwosesis Superfund la. EPA ak kominote zòn yo pral travay ansanm avèk zouti ki dekri nan plan sa a.

Patisipasyon publik aktif enpòtan anpil pou reyisit nenpòt pwojè. Aktivite patisipasyon kominotè EPA yo nan sit la fèt pou enfòme publik la sou tout aktivite netwayaj yo epi yo enplike kominote zòn yo nan pwosesis pou pran desizyon an.

EPA defini "kominote" a antanke moun ak antite ki gen yon enterè oswa sit la afekte. EPA rekonèt tou ke lòt pati konsène yo, tankou ajans lokal, eta ak federal yo, ka gen yon enterè nan sit la. CIP sa a baze sou yon seri gwoup diskisyon ak entèvyou kominotè ki te fèt ant sezon ete 2022 ak sezon ivè 2023 avèk kominote ki afekte a epi pati konsène yo konfòmeman ak machasuiv patisipasyon kominotè ak netwayaj Superfund EPA a. Fidbak ki soti nan reyinyon kominotè yo te enfòme CIP a tou. CIP a se yon "dokiman vivan," ki vle di yo ka fè Mizajou ladan oswa revize l pandan netwayaj la pou reflete chanjman alontèm nan kominote zòn nan.

Patisipasyon Kominotè nan Sit Superfund Rivyè Lower Neponset

Patisipasyon kominote aktif ak patisipatif se yon pati enpòtan nan pwosesis netwayaj la. Lwa sou Entèvansyon Anviwònmantal, Konpansasyon ak Responsablite Konplè (CERCLA) kontwole l tou, yo rele l tou "Superfund." Superfund pèmèt EPA netwaye sit ki kontamine yo. Li fòse tou pati ki responsab kontaminasyon an swa fè netwayaj oswa ranbouse gouvènman an pou travay netwayaj EPA dirije a. Objektif patisipasyon Superfund kominote a se pou defann ak ranfòse bon jan patisipasyon kominotè bonè pandan netwayaj Superfund.

CIP sa a suiv egzijans patisipasyon kominotè yo nan Lwa 1986 pou Amannman ak Reyotorizasyon Superfund (SARA) §117 la ak Plan Ijans Nasional Kont Polisyon Gaz ak Sibstans Danjre (NCP) §300.430. Pwogram Patisipasyon Kominotè EPA a fasilité patisipasyon manm kominote yo pandan tout pwosesis netwayaj la, sa gen ladan faz ankèt la ak faz seleksyon solisyon an. EPA travay deprè avèk ajans leta ak lokal yo pou bay patisipasyon kominote a pandan tout pwosesis Superfund lan.



EPA te òganize youn nan atelye travay Superfund Novanm 2022 li yo nan Mildred Avenue K-8 School nan Mattapan.

KONSÈNAN SIT LA

Prezantasyon Sit la

Sit la genyen yon seksyon 3.7 mayls (miles) nan Rivyè Neponset ant pwen rankont li ak Mother Brook nan Hyde Park, Massachusetts, ak Baraj Walter Baker nan Dorchester/Milton, Massachusetts. Chèn Rivyè Lower Neponset la soti apati anviwon 40 pye jiska 300 pye epi li ant anviwon 40 ekta nan Vil Boston oswa nan fwontyè Vil Boston an (seksyon the Hyde Park, Mattapan, ak Dorchester) ak ti vil Milton. Segman 3.7 maysl larivyè a gen ladan plizyè zòn kote sediman ki kontamine avèk difenil poliklore (PCB) te akimile, alafwa soti nan sous sispèk ak sous enkoni. Kontaminasyon se rezulta endistriyalizasyon ak ibanizasyon zòn metwopolitèn Boston an. Istorikman, moulen toutolon Rivyè Lower Neponset la te itilize baraj yo pou pwodui kouran, okòmansman pou yo vire wou moulen yo epi apresa pou fè pi gwo enstalasyon endistriyèl yo fonksyone. Antouraj aktyèl Sit la gen ladan zòn rezidansyèl, komèsyal, endistriyèl ak itilizasyon publik, tankou Zòn Prezève Pwoteje Rivyè Neponset la.


Nan mwa Oktòb 2015, MassDEP te mande pou EPA evalye Rivyè Lower Neponset pou antre potansyèl nan Lis Nasyonal Priyorite (NPL) pwogram Superfund la, li rekonèt ke dlo sifas, sediman ak pwason ki nan rivyè a ak estyè a kontamine avèk PCB. EPA te pwopoze Sit la pou mete sou lis NPL la nan dat 9 Septanm 2021. EPA te finalize antre Sit la nan NPL la nan dat 16 Mas 2022.

Pandan tout pwoesisis netwayaj la, EPA pran angajman pou l'enplike publik la epi kenbe kominote zòn yo enfòme sou aktivite netwayaj ak fason aktivite sa yo kapab afekte moun sa yo. CIP sa a te devlope pou fasilité dyalòg aleretou ant EPA ak kominote zòn yo, epi pou idantifye zouti ki ankourage patisipasyon pandan tout ankèt yo ak netwayaj. Plan sa a baze sou opinyon reprezantan gouvènman lokal yo, rezidan yo, òganizasyon kominotè yo ak lòt pati konsène yo.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou sou sit, tanpri vizite www.epa.gov/superfund/lowerneponset.

Lòt Resous yo

- MassDEP: www.mass.gov/orgs/massachusetts-department-of-environmental-protection
- Depatman Sante Publik Massachusetts: www.mass.gov/orgs/department-of-public-health
- Rivyè Lower Neponset Massachusetts: www.mass.gov/info-details/lower-neponset-river-site



Sit la gen ladan yon pati nan Rivyè Lower Neponset soti nan pwen rankont li ak Mother Brook rive nan Baraj Walter Baker.

Kalandriye Sit

2002	Kò Enjenyè Lame Etazini (USACE) te dirije efò echantyon yo.
2002 – 2006	Ankèt Jeyolojik Etazini (USGS), an koperasyon avèk Biwo Egzekitif Massachusetts pou Pwogram Anviwònman Afè Vwa Navigab ak EPA, te fè etid ki enkkli Rivyè Lower Neponset nan Boston ak Milton.
2006 – 2009	MassDEP te sipèvize yon gwo anlèvman sediman ki kontamine nan Mother Brook, ki te antre nan Rivyè Neponset.
2013	MassDEP te fè echantyon debaz sediman pou plis evalye PCB nan sediman Rivyè Neponset nan kat zòn toutolon Rivyè Neponset.
2015	MassDEP te refere Sit la bay EPA pou konsiderasyon pou antre nan lis NPL.
2017 – 2019	EPA te dirije evalyasyon ak envestigasyon sit.
Septanm 2021	EPA te pwopoze Sit la pou mete sou lis NPL la.
Oktòb 2021	EPA te òganize yon reyinyon publik sou entènèt.
Mas 2022	EPA te finalize antre Sit la nan NPL la.
Jen 2022	EPA te òganize yon reyinyon publik sou entènèt.
Out 2022 – Fevriye 2023	EPA te òganize entèvyou kominotè sou entènèt ak sesyon gwoup diskisyón nan preparasyon CIP a.
Novanm 2022	EPA te òganize atelye. ¹ Atelye travay Superfund an pèsòn ak ibrid nan Milton ak Mattapan Boston ak kominote Hyde Park yo.
Mas 2023	EPA te òganize gwoup diskisyón sou entènèt konsènan reyilitizasyon sit avèk kominote zòn yo an preparasyon pou Evalyasyon Reyilitizasyon Referans yo.
Avril 2023	EPA te kòmanse mennen ankèt sou sit la ak aktivite echantyon toutolon premye mayl (mile) Sit la (soti nan pwen rankont Mother Brook ak Rivyè Neponset pase desann ale nan Tileston ak Baraj Hollingsworth).
Jen 2023	EPA te òganize yon reyinyon publik ibrid.

KOMINOTE YO

Konsènan Kominote yo

Hyde Park, Mattapan ak Dorchester se katye nan Boston. Milton sou bò sid Rivyè Neponset, anfas katye vil Boston yo.

Hyde Park te dènye ti vil ki te ajoute nan Boston, an 1912. Zòn nan se te yon sant fabrikasyon papye ak koton nan dizwityèm syèk la. Pwolonjman liy tren soti Boston nan ane 1850 yo te ankouraje devlopman rezidansyèl nan zòn nan. Jodi a, Hyde Park ofri yon melanj inik nan ekipman vil aksesib ak yon mòdvi frankil nan vil. Hyde Park akeyi yon gwoup moun deplizanpli divès k ap viv nan bilding istorik ak kay pou yon sèl fanmi nan mitan ventyèm syèk la. Resous natirèl ak espas vèt ki enpòtan nan zòn nan gen ladan Rivyè Neponset, Teren Gòlf minisipal George Wright ak Rezèv Stony Brook la. Cleary Square ak Logan Square jere aktivite komèsyal lokal yo.

Bann Neponset Tribi Endijèn Massachusetts la te bay katye Mattapan non li nan ane 1600 yo. Non an vle di "yon bon kote pou ou ye" oswa "yon bon kote pou chita." Ajoute nan Boston an 1870, Mattapan te grandi rapidman kòmanse nan kòmansman ventyèm syèk la, pandan tram ak ray tren te amelyore aksè nan anba lavil Boston. Jodi a, Mattapan se yon zòn rezidansyèl ak sant komèsyal k ap ogmante. Li akeyi tou yon gwoup divès moun, tankou Ayisyen, lòt Imigran karayibeyen ak Afriken Ameriken. Melanj lojman an gen ladan ti bilding apatman, kay pou yon sèl fanmi, lojman piblik ak "kay twa etaj (triple-deckers)" tradisyonèl Boston yo. Rezidan Mattapan yo renmen espas vèt tankou Harambee Park, Pak Zowolojik Franklin, Boston Nature Center ak Wildlife Sanctuary, ak simityè istorik Forest Hills. Blue Hill Avenue ak Mattapan Square se prensipal distri komèsyal katye a, kote ki gen bank, kabinè avoka, restoran, magazen, sant sante ak kote pou adore.

Dorchester se katye ki pi gwo ak pi divèsyen nan Boston. Li te ajoute nan 1630 epi li te anekse pa Boston nan 1870. Dorchester gen ladann plis pase nèf mayls bòdmè, katye, koridò komèsyal ak kanpis Boston University of Massachusetts. Li gen ladann rezidan ki la lontan yo ansanm ak sa ki rive dènyeman soti an lland, Vyvetnam ak Cape Verde. Katye nan Dorchester gen ladan Codman Square, Jones Hill, Meeting House Hill, Pope's Hill, Savin Hill, Harbour Point, Lower Mills ak Port Norfolk. Resous lwazi ak zòn natirèl nan Dorchester gen ladan Malibu Beach ak Tenean Beach ansanm ak ampli pak.

Milton te etabli an 1640 pa Pwotestan Anglè ki te kòmanse koloni Massachusetts Bay la an 1630. Li te odepwa yon pati nan Dorchester, epi Milton te ajoute kòm yon ti vil endependan an 1662. Pandan plis pase de syèk apre fondasyon I, li te rete yon kominote prensipalman agrikòl ak fèm epi tè lib, ansanm ak aktivite endistriyèl toutolon Rivyè Neponset nan Milton Village; li te genyen yon moulen gress, yon moulen poud, yon moulen papye ak yon moulen chokola – yo chak pami premye nan kalite yo nan New England. Apres Gè Sivil la, popilasyon Milton nan te ogmante rapidman, ak branch Milton ak Dorchester Old Colony Railroad ki te bay aksè fasil a Boston.

¹ Atelye travay ki te òganize nan Milton lan te aksesib pou piblik la atravè Zoom epitou an pèsòn.


Done Demografi Kominote yo

Done Demografik nan yon reyon 1 Maylz ak sit la

EPA EJScreen ak Biwo Resansman Etazini, Sondaj Kominote Ameriken 2016-2020*

Yon sèl Ras	93%
Blan	31%
Nwa oswa Afriken Ameriken	55%
Endyen Ameriken ak Natifnatal	0.2%
Alaska	
Azyatik	3%
Kèk Lòt Ras	5%
De oswa Plis Ras	7%
Espanyòl oswa Latino (nan nenpòt ras)	3.1%
Popilasyon 65 Ane ak Plis	15%
Popilasyon ki gen Mwens Pase yon	13%
Diplòm Lekòl Segondè	
Kay ki gen Baz Revni Mwens Pase \$50,000	36%
Inite Lokatè Okipe yo	46%
Popilasyon ki Pale yon Lang ki pa Anglè Lakay yo	36%

* Nimewo yo ka pa bay total 100% akoz awondi.



Apeprè 87,000 moun ap viv nan yon reyon 1 mays toutotou Sit la.

EPA EJScreen ak Biwo Biwo Resansman, Sondaj Kominote Ameriken 2016-2020

Aktivite Patisipasyon Kominotè ki Pase yo

EPA pran angajman pou angaje kominote zòn yo pandan tout ankèt ak netwayaj Superfund yo. Nan mwa Oktòb 2021, EPA te òganize yon reyinyon publik sou entènèt pou diskite sou lis NPL yo pwopoze Sit la. Apre EPA te finalize lis Sit la nan NPL an Mas 2022, EPA te òganize yon reyinyon publik sou entènèt nan mwa Jen 2022. Nan mwa Novanm 2022, EPA te òganize twa atelye travay Superfund nan Milton ak Mattapan Boston ak kominote Hyde Park yo. Atelye travay Milton an te ofri yon opsyon Zoom ibrid pou patisipan ki vle patisipe sou entènèt. EPA t ap fè sensibilizasyon rezidan yo epi kowòdone avèk vil Boston ak ti vil Milton. EPA te kowòdone tou avèk Depatman Sante Publik Massachusetts pou mete plis pano konsèy pou lapèch toutotou Sit la pou kenbe publik la an sekirite epi byen enfòme. Apati 2023, EPA ap travay



EPA te òganize youn nan atelye travay Superfund Novanm 2022 l yo nan bilding Milton Council on Aging lan.

tou avèk kominote zòn yo pou konprann priyorite lokal pou reyitilizasyon Sit la (gade paj 24 pou plis enfòmasyon).

Jistics Anviwònmantal

Jistics anviwònmantal la se tretman ekilibre ak patisipasyon reyèl tout moun, san okenn distensyon ras, koulè, orijin nasional oswa revni, pou sa ki konsène elaborasyon, reyalizasyon ak aplikasyon lwa yo, règleman yo ak politik anviwònmantal yo.

Pwogram EPA Rejyon 1 kolabore deprè pou asire ke kominate mal desèvi, ki gen revni fèb ak tribal k ap konfwonte ak risk anviwònmantal inegal yo gen opòtinite pou bon jan patisipasyon nan pran desizon sou anviwònman an. Rejyon 1 kowòdone tou deprè ak Katye Jeneral EPA yo epi Eta yo pou sipòte inisyativ ki bay tout moun k ap viv toupre sit Superfund yo asistans teknik, opòtinite fòmasyon ak lòt sèvis. EPA gen divès kalite resous jistics anviwònmanal ki disponib nan www.epa.gov/environmentaljustice, sa gen ladan:


- [Pwogram Akò Kowoperatif pou Rezoud Pwoblèm Jistics Anviwònmantal nan Kolaborasyon \(CPS\)](#) bay finansman pou aplikan ki elijib pou pwojè ki abòde pwoblèm anviwònmantal lokal ak sante publik nan kominate ki afekte yo. Pwogram nan ede benefisyè yo nan konstwi patenarya kolaboratif pou ede yo konprann epi abòde pwoblèm anviwònmantal ak sante publik yo nan kominate yo a.
- [Pwogram Ti Sibvansyon Jistics Anviwònmantal la: Pwogram Ti Sibvansyon Jistics Anviwònmantal EPA a](#) sipòte ak ranfòse kominate k ap travay sou solisyon pou pwoblèm anviwònmantal ak sante publik lokal yo. Pwogram nan ede kominate yo konprann epi abòde ekspozisyon a plizyè danje ak risk anviwònmantal yo.

EJScreen

EJScreen se yon zouti katografi ak depistaj jistics anviwònmantal. Li itilize endikatè anviwònmantal pou yon kominate pou montre potansyèl ekspozisyon ak faktè demografik pou montre potansyèl vilnerabilite.

"Pèsantil yo" se yon pati enpòtan nan EJScreen. Yo mete chak endikatè nan EJScreen an pèspektiv lè yo montre pèsantil ki asosye ak li yo. Olye pou yo jis montre nimewo ki andeyò kontèks, EJScreen pèmèt itilizatè a konpare yon kominate ak rès eta a ak nasyon an lè l sèvi avèk pèsantil yo. Pèsantil nasional la di itilizatè a ki pouvantaj nan populasyon Ameriken an ki gen yon valè egal oswa pi ba, ki vle di mwens potansyèl, pou ekspozisyon, risk oswa pwoksimite ak sèten enstalasyon. Pèsantil eta a di itilizatè a ki pouvantaj nan populasyon eta a ki gen yon valè egal oswa pi ba, sa vle di mwens potansyèl, pou ekspozisyon, risk oswa pwoksimite ak sèten enstalasyon. Si yon endikatè jistics anviwònmantal pi wo pase 80yèm pèsantil, sa vle di yon kominate plis ekspoze oswa gen yon pi gwo risk pou enkyetid jistics anviwònmantal nan endikatè enterè espesifik sa a.

Yon analiz EJScreen 2023 pou yon reyon 1 mayls alantou Sit Superfund Rivyè Lower Neponset lan te jwenn enkyetid sou jistics anviwònmantal nan kominate ki alantou yo; 10 nan 12 endikatè yo te nan 80yèm pèsantil oswa pi wo, an konparezon ak rès commonwealth Massachusetts la. 10 endikatè yo parèt konsa: Matyè Patikil 2.5, Ozòn, Matyè Patikil Dyezèl, Risk Kansè akoz Toksik nan Lè, HI Respiratwa akoz Toksik nan Lè, Pwoksimite Trafik, Penti abaz Plon, Pwoksimite Superfund, Pwoksimite Fatra Danjre, ak Tank Depo Soutèren (jan yo wè nan Fifi 1).



Figi 1: Rezulta EJScreen pou Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la

Enfòmasyon Rapid sou EJScreen

Pou rezime fason endikatè anviwònmantal ak demografik yo reyini nan menm espas, EJScreen itilize Endis Jistis Anviwònmantal yo. EJScreen gen 12 Endis EJ ki reflete 12 endikatè anviwònmantal ki pi ba yo. Nan Endis EJ yo, endikatè anviwònmantal yo konbine avèk enfòmasyon sou revni ki ba ak popilasyon minorite nan yon gwoup blòk Resansman. EJScreen prezante rezulta yo an tèm de pèsantil, sa ki pèmèt yo konpare yon kominate ak rès eta a, rejon oswa nasyon EPA.

- Evelyasyon Echèle Nasyonal Toksik nan Lè Risk Kansè akòz Toksik nan Lè
- Evelyasyon Echèle Nasyonal Toksik nan Lè Endèks Danje Respiratwa
- Evelyasyon Sibstans Toksik nan Lè a nan Peyi a Matyè Patikil Dyezèl (DPM)
- Matyè Patikil (PM2.5)
- Ozòn
- Endikatè Penti abaz Plon
- Pwoksimite ak Kantite Trafik
- Pwoksimite nan sit Plan Jesyon Risk yo
- Pwoksimite ak Enstalasyon Tretman Dechè Danjere yo
- Pwoksimite ak sit Superfund (NPL) yo
- Endikatè Tank Depo Souteren
- Endikatè Devèsman Dlo Ize

Apèsi sou Pwosesis CIP la

Nan sezon ete 2022 ak nan sezon ivè 2023, EPA te fè entèvyou sou entènèt ak gwoup diskisyon ak pati konsène nan kominote zòn yo, ki gen ladan yon ofisyèl eli lokal, yon reprezantan yon ofisyèl eli eta a, reprezantan òganizasyon lokal yo, kontraktè ak anpil rezidan. EPA te fè kèk entèvyou endividyeòman, ak kèk nan gwoup diskisyon yo. EPA te anone opòtinite pou patisipe nan yon entèvyou gwoup diskisyon atravè mizajou sou sit entènèt, kowòdinasyon ak ofisyèl lokal yo, imel ak pandan reyinyon publik sou entènèt Jen 2022 a ak atelye travay Superfund Novanm 2022 ki te fèt nan Milton ak Mattapan Boston ak kominote Hyde Park yo. EPA te pataje yon vèsyon preliminè CIP a ak kominote zòn yo pou revize ak fè kòmantè nan sezon prentan 2023. Yo ajoute tou fidbak ki soti nan reyinyon ak atelye travay kominotè yo nan CIP a. Seksyon sa yo rezime fidbak yo bay EPA yo.

Pwoblèm ak Enkyetid Kominotè

Pandan entèvyou yo ak gwoup diskisyon yo, manm kominote a ak pati konsène yo te pataje enkyetid yo ak pèspektiv yo konsènan Sit la ak zòn nan, ki gen ladan fado netwayaj la sou do rezidan yo, aksè ak sekirite rivyè, enkyetid sante ak ekolojik, metòd prefere pou komunikasyon, patisipasyon kominote a ak patenarya, bezwen enfòmasyon, ekite ak jistis anviwònmantal, reytilizasyon sit, epi kowòdinasyon ajans ak transparans. Seksyon ki pi ba yo rezime fidbak EPA te resevwa pou chak kategori sa yo.

FADO NETWAYAJ SOU REZIDAN YO	AKSÈ AK SEKIRITE RIVYÈ	ENKYETID SANTE AK EKOLOGIK
<p>Moun yo kesyone yo te eksprime enkyetid konsènan longè ak pètibasyon nan pwosesis netwayaj la, ak fason I ap afekte rezidan ki toupre yo. Gen kèk moun ki te note enkyetid espesifik konsènan bri netwayaj, pètibasyon trafik, varyasyon valè pwopriyete, depans netwayaj anba rivyè a ak aksè nan rivyè a. Moun yo kesyone yo te di ke si genyen yon komunikasyon klè ak konsistan sou netwayaj la sa ap ede asire moun yo byen prepare ak byen enfòme.</p>	<p>Moun yo kesyone yo te enterese nan pi gwo aksè publik nan rivyè a. Yo te di ke baryè fizik, plant ki pouse depase ak wout ki pa fè bon mentnans yo anpeche yo pwofite rivyè a ak santi yo an sekirite toupre li. Moun yo kesyone yo te note plizyè atik ki ta ka ede ak aksè epi sekirite, tankou plis ekleraj, ban, wout betone, pakin ak lòt ekipman, ansam ak antretyen regilye. De moun ki fè kòmantè te sijere ke kòd QR ki sou siy ki adrese sekirite sit la ka nesesè pou asire aksè ekitab a enfòmasyon sou sekirite pou moun ki pa pale Anglè.</p>	<p>Moun yo kesyone yo te note ke kèk moun depann de pwason ki soti nan rivyè a kòm yon sous manje. Yo te pataje tou enkyetid konsènan ekspozisyon potansyèl nan kontaminasyon akoz rame nan rivyè a. Moun yo kesyone yo te enterese nan restorasyon rivyè ak aksesibilite pou pwason migratè.</p> <p>Moun yo te eksprime tou enterè pou gen plis pano ki afiche sou fason moun ka nan rivyè a san danje.</p> <p>Yon moun ki te fè kòmantè te enkyete konsènan konsekans netwayaj la sou abita enpòtan anpil nan estyè Neponset e li te sijere pou agrandi Sit la.</p>

METÒD KOMINIKASYON PREFERE



Byenke pifò moun yo kesyone yo te prefere kontak fòm dijital, yo te di yon melanj kontak dijital ak papye ta gen plis avantaj. Metòd komunikasyon efikas yo idantifye yo genyen fich enfòmasyon, kontak pòtapòt, medya sosyal, piblisite nan jounal ak radyo, enfòmasyon ki pataje sou chèn televizyon kab ak televizyon lokal yo, reyinyon kominotè ki anrejistre tou pou gade pita, opsyon reyinyon ibrid, afiche flayèz nan zòn ki gen anpil trafik yo, alèt mesaj tèks, pwomnad gide sou Sit la ak pano amelyore alantou sit la.

Moun yo te note tou nesesite tradiksyon pou rive jwenn divès kominote zòn yo, ki gen ladan tradiksyon materyèl an Espanyòl, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè, pami lòt lang. Yo te defann pou EPA bay sèvis entèprèt lang nan reyinyon publik yo.

PATISIPASYON KOMINOTÈ AK PATENARYA



Moun yo kesyone yo te di ke anpil moun jwenn enfòmasyon nan asosyasyon katye yo a, e petèt lidè asosyasyon katye yo ta dwe moun k ap pataje enfòmasyon sou sit olyede EPA.

Yo te idantifye tou lòt gwoup ak antite ke EPA te kapab fè patenarya avèk yo pou yo rive touche yon gwo odyans, tankou legliz lokal yo ak sant relije yo, lyezon minisipal yo, gwoup lekòl segondè, yon mache fèmye, Boston Nature Center, Aksyon pou Developman Kominotè Boston, Asosyasyon Basen Vèsan Rivyè Neponset la, the Boston Chapter of the AMC Paddling Committee, Hyde Park Neighbors Facebook, Urban Forest Plan, Climate Ready Boston, lekòl charter ak sant gadri yo.

Moun yo te di tou ke bay gadri nan reyinyon EPA yo ap gen anpil chans ogmante prezans.

Moun yo te defann tou pou angaje tètatèt ak rezidan ki abite sou pwopriyete akote Sit la.

BEZWEN ENFÒMASYON



Pifò moun yo kesyone yo te di ke yo gen enpe konesans sou Sit la. Yo te idantifye tou plizyè bezwen enfòmasyon. Moun yo te mande plis enfòmasyon sou aktivite netwayaj yo, tankou plan pou jete kontaminan yo, enpak sou abita ki anba yo, kote pou jete yo ak risk potansyèl ki rete apre netwayaj. Yo ta renmen konnen tou sa ki pral rive zòn sit la pandan netwayaj la, poukisa retire baraj la pa fè pati nan konsepsyon koreksyon an ep kisa zòn nan pral sanble apre netwayaj la.

EKITE AK JISTIS ANVIWÒNMANTAL



Moun yo kesyone yo te di yo pa vle netwayaj la lakoz bagay vini pi chè, epi yo te note inegalite ki egziste deja konsènan aksè nan rivyè a ak aksè enfòmasyon.

Moun yo kesyone yo te pataje enkyetid konsènan inondasyon nan katye yo ak enkyetid jistis anviwònmantal epi inegalite sante nan kominote moun ki pa blan yo.

Moun yo kesyone yo te di yo te vle asire ke gen opòtinite egalego pou tout manm kominote yo itilize rivyè a, sa gen ladan moun ki andikape yo, e yo mete enfòmasyon yo disponib nan plizyè lang.

Gen kèk moun ki te sijere òganize reyinyon an pèsòn, prensipalman nan kominote ki gen enkyetid jistis anviwònmantal yo, oswa nan lokal youn apre lòt pou pèmèt aksè egalego nan angajman.

Yon moun te rekòmande pou enplike tout kominote endijèn yo, olye enplike sèlman tribi federal rekonèt yo.

REYITILIZASYON SIT



Moun yo kesyone yo te diskite sou ki jan yo ta renmen sit la sanble apre netwayaj. Gen kèk moun ki te konsantre sou amelyorasyon aksè nan rivyè yo pou lwazi an sekirite, ki gen ladan lansman bato ak lokasyon, pon, amelyorasyon aksè, ekipman pou fè egzèsis, pi bon ekleraj, bwat apèl ijans, plis espas lonbraj, twalèt piblik ak estasyon pou obsève bét sovaj.

Gen kèk moun ki te di yo wè opòtinite pou Sit la bay plis pwogramasyon kominotè ak koneksyon kominotè, tankou klèb mache ak klèb lapèch, kou mizik deyò, lesон bato, pwogram pou jèn ak granmoun aje, evènman tanporè deyò ak opòtinite edikasyon.

Anjeneral, moun yo kesyone yo te di ke y ap tann ak enpasyans yon pi bon kalite lavi apre netwayaj.

KOWÒDINASYON AK TRANSPARANS AJANS



Moun yo kesyone yo te mande pi bon kowòdinasyon ak komunikasyon pami ajans sit yo pandan netwayaj la.

Yo enterese nan ajans k ap kolabore pou reyalize objektif konsèvasyon yo pandan netwayaj, e yo te di kominote a deja sibi kèk pètibasyon ki gen rapò ak netwayaj.

Moun yo te idantifye tou yon bezwen pou transparans konsènan kalandiye netwayaj la ak enpak netwayaj la.

PLAN DAKSYON PATISIPASYON KOMINOTÈ A

Entwodiksyon nan Plan Daksyon an

Sèvi ak enfòmasyon yo te rasanble pandan entèvyou ak gwooup diskisyon nan kominote a, EPA te devlope Plan Daksyon sa a pou abòde bezwen, enkyetid, kesyon ak atant kominote a, ansam ak estil ak preferans komunikasyon lokal yo.

Kominikasyon k Ap Kontinye

EPA ap kontinye travay ak Commonwealth Massachusetts, vil Boston, ti vil Milton, Asosyasyon Basen Vèsan Rivyè Neponset la, ak òganizasyon lokal yo, asosyasyon katye yo, ak manm kominote a pou asire yo pataje enfòmasyon ak mizajou enpòtan konsènan sit la dirèkteman ak piblik la..

Pou enskri pou lis imèl sit la, tanpri voye yon mesaj bay r1neponset@epa.gov oswa kontakte kowòdonatè patisipasyon kominotè EPA a ZaNetta Purnell nan purnell.zanetta@epa.gov.

Aktivite ak Zouti Patisipasyon Kominotè yo

EPA te idantifye ak devlope divès kalite zouti ak aktivite pou pi byen angaje ak enplike kominote zòn yo.

Paj wèb

EPA ap kontinye kenbe paj wèb Sit la. Pou mizajou ki pase, kounye a ak alavni sit la, tanpri vizite www.epa.gov/superfund/lowerneponset.

Paj wèb la:

- Pataje yon apèsi sou sit la ak patisipasyon EPA.
- Bay enfòmasyon ajou sou pwosesis netwayaj Superfund la bay piblik la.
- Pataje rapò ak dokiman ki gen rapò ak sit la avèk piblik la toutpandan y ap vin disponib.
- Bay lyen ki mennen nan plis resous ki gen rapò ak sit.

EPA gen tou lòt resous ki disponib sou entènèt ki bay enfòmasyon sou pwogram Superfund ak Rejyon 1 EPA:

- Pwogram Nasyonal Superfund: www.epa.gov/superfund
- Rejyon 1 EPA: www.epa.gov/aboutepa/epa-region-1-new-england
- Patisipasyon Kominotè Superfund: www.epa.gov/superfund/superfund-community-involvement
- Redevlopman Superfund: www.epa.gov/superfund-redevelopment

Lòt òganizasyon ki gen paj wèb ki bay enfòmasyon sou Sit la gen ladan:

- MassDEP: www.mass.gov/orgs/massachusetts-department-of-environmental-protection
- Asosyasyon Basen Vèsan Rivyè Neponset la: www.neponset.org/projects/superfund-lower-neponset-river

Rankont Kominotè

Selon disponiblite, anplwaye EPA ka patisipe nan reyinyon gwooup kominotè yo, gouvènman lokal yo ak lòt òganizasyon yo òganize si yo mande yo pou pataje enfòmasyon sou Sit la epi pou reponn kesyon, enkyetid, lide ak kòmantè kominote



Tanpri sèvi ak kòd QR sa a pou konsilte paj wèb sit EPA a. Pou itilize kòd QR la, ouvri kamera smatfòn ou. Santre kòd la nan ekran an jiskaske ou wè yon notifikasyon ki parèt. Klike sou notifikasyon an pou ale nan paj wèb sit EPA a.

a. Pou idantifye opòtinite ak lokal apwopriye pou pataje enfòmasyon sou Sit la, EPA pral travay ak kominote zòn yo pou kowòdone reyinyon yo.

Evènman EPA òganize

Anplwaye EPA ka òganize reyinyon, atelye travay ak/oswa Jounen Pòt Ouvèt pou pataje enfòmasyon ak kominote zòn yo. Reyinyon yo pral òganize nan yon lokal santral ki aksesib selon Lwa Anfavè Ameriken Andikape (ADA) epi ki pre transpò publik. Egzanp enstalasyon zòn yo genyen Milton Council on Aging, Boston Centers for Youth & Families (BCYF) Hyde Park Community Center, ak Mildred Avenue K-8 School. Otank posib, lokal reyinyon yo pral vire nan diferan zòn nan kominote a pou bay aksè ekitab. Reyinyon an pèsòn oswa ibrid ap òganize lè sa posib. Lè sa nesesè, anplwaye EPA yo ka òganize reyinyon sou entènèt. Pou asire aksè, anplwaye EPA pral bay moun yo opsyon pou patisipe nan telefòn si yo pa kapab randre nan yon reyinyon sou entènèt epi yo pral bay soutit. Kèlkeswa kote sa posib, anplwaye EPA pral pataje materyèl reyinyon yo sou paj wèb sit la anvan reyinyon yo epi/oswa bay anrejistreman reyinyon yo apre.

Moun yo kesyone yo te endike yon preferans jeneral pou reyinyon aswè lasemèn yo, kòmanse nan zòn 6:30 p.m. oswa 7:00 p.m. Anpil gwoup kominotè rankontre nan premye oswa dezyèm semèn nan mwa a, kidonk patisipasyon yo ka pi wo pou reyinyon pita nan mwa a.

Yo pral fè publisite pou reyinyon yo atravè lis imel ak lis adrès postal sit la, epi an kowòdinasyon avèk ofisyèl vil yo ak ti vil yo epi òganizasyon lokal yo. Yo ka bay depliyan pou afiche nan zòn ki gen anpil trafik nan kominote a. Yo ka bay publisite pou reyinyon yo tou nan yon fòma ke manm kominote a ak pati konsène yo kapab pataje fasilman atravè mesaj tèks oswa medya sosyal. EPA ap fè referans tou sou lis medya lokal yo nan paj 22 CIP a.

Ti Pale ak Ofisyèl Lokal yo

Anplwaye EPA yo travay deprè ak ofisyèl Vil Boston ak Ti Vil Milton pou kolabore ak distribye enfòmasyon ki enpòtan konsènan sit. Anplis de sa, EPA pral kontinye travay deprè ak estaf Kongrè a pou enfòme yo sou etap enpòtan konènan sit yo ak zòn ki enterese yo.

Mizajou Peryodik, Fich Enfòmasyon ak Materyèl Edikatif

Pou ede abòde enkyetid kominote a konsènan Sit la, anplwaye EPA pral bay mizajou ak enfòmasyon sou sit la nan langaj senp, alafwa nan fòma enprime ak elektwonik, epi yo pral tradui nan lang apwopriye. EPA pral kolekte, prepare epi pataje dokiman pou ede moun pi byen konprann kondisyon sit yo ak netwayaj la. Mizajou yo pral pataje regilyèman ak pandan aktivite enpòtan yo ap fèt. Mizajou, fich enfòmasyon ak materyèl yo ka pataje pa imel, adrès postal fizik sible ak afichaj sou paj wèb sit la. Materyèl enfòmasyon yo pral gen nan yo enfòmasyon kontak pou pèmèt anplwaye EPA gen aksè dirèk. Lè sa apwopriye, EPA pral bay dènye enfòmasyon enpòtan sou sit la nan yon fòma manm kominote a ak pati konsène yo kapab pataje fasilman atravè mesaj tèks oswa medya sosyal.

Sansibilizasyon ak Òganizasyon Lokal yo epi Lekòl yo

Anplwaye EPA yo ka travay avèk òganizasyon zòn yo, lekòl yo, manm konsèy administrasyon lekòl yo, pwofesè yo ak paran yo pou yo eksploré opòtinite pou pataje enfòmasyon sou sit la nan kad aktivite ak pwogram etid kominotè ak lekòl yo. Konsantrasyon an pral sou opòtinite edikasyon anviwònmantal ansanm ak sante ak sekirite publik.



EPA te òganize youn nan atelye travay Superfund Novanm 2022 li yo nan Sant Kominotè BCYF Hyde Park la.

Peryòd Kòmantè Piblik Fòmèl

Pandan pwosesis Superfund la, EPA anone epi ouvri peryòd kòmantè piblik yo epi ankouraje moun yo soumèt enfòmasyon. EPA aksepte kòmantè fòmèl sou plizyè kalite dokiman, tankou Plan ki Pwopoze yo, ansanm ak lè EPA pwopoze yon sit pou mete sou lis oswa efase nan NPL la. EPA konsidere tout kòmantè piblik yo nan pwosesis pou pran desizyon Superfund lan.

Konsèy pou Kòmantè Piblik yo

Kòmantè se yon fason enpòtan pou fè tande vwa w. Kòmantè piblik yo ka ranfòse yon desizyon anviwònmantal lè yo bay ajans responsab la enfòmasyon oswa pèspektiv ki manke nan vèsyon preliminè odepa a. Kòmantè yo ede EPA kreye yon dokiman egzat ak konplè pou sipòte desizyon apwopriye ak klè.

- Prepare w pou fè kòmantè lè w familyarize w ak dimansyon pwoblèm nan epi lwa ki enpòtan yo.
- Identifie pwoblèm ak enkyetid prensipal ou yo.
- Identifie alye ki ka ede nan revizyon dokiman an ak konpreyansyon rapò a epi lye kòmantè w yo avèk yo pou ranfòse mesaj ou an.
- Fòk ou byen presi nan kòmantè w yo, epitou di sa ou panse ki ka amelyore dokiman an, sa ou panse ki manke nan dokiman an, sa ou renmen nan dokiman an, ak ki pati ou vle ki rete nan dokiman an.

Fòmasyon Gwoup Konsilitatif Kominotè (CAG)

CAG yo bay yon fowòm pou diskisyon kominotè sou pwoblèm ki gen rapò ak sit la epi yo genyen nan yo reprezantan divès pèspektiv nan kominote a. Objektif yon CAG se bay fè yon fowòm piblik pou manm kominote yo prezante epi diskite sou bezwen ak enkyetid yo ki lye ak pwosesis desizyon Superfund la. Yon CAG ka ede EPA pran pi bon desizyon sou fason pou netwaye yon sit.

EPA ka ede nan fòmasyon CAG, tankou bay sèvis sa yo:

- Reyinyon pou bay enfòmasyon sou CAG yo.
- Asistans nan detèmine gwosè CAG ak Abònman/Manm.
- Fòmasyon yo pou manm CAG yo.
- Sèvis sipò administratif, tradiksyon, ak animasyon reyinyon yo.

Pou plis enfòmasyon sou CAG yo, tanpri vizite www.epa.gov/superfund/superfund-community-advisory-groups oswa kontakte kowòdonatè patisipasyon kominotè EPA yo (gade paj 21 pou enfòmasyon pou kontak).

EPA te kòmanse diskisyon yo ak manm kominote yo konsènan fòmasyon yon CAG pou Sit la nan sezon prentan 2023. Ap gen plis enfòmasyon k ap vini konsènan opòtinite patisipasyon piblik sa a.

Tradiksyon

EPA gendwa bay enfòmasyon alekri sou sit la an Anglè, Kreyòl Ayisyen, Kreyòl Cape Verde, Chinwa, Espanyòl ak Vyetnamyen. Pano ki afiche toupatou sou sit la ap gen lyen nan enfòmasyon ekri ki tradui ki disponib sou entènèt. Yo pral reponn ak lòt bezwen entèpretasyon lang jan kowòdonatè patisipasyon kominotè EPA yo mande epi kowòdone sa. Ou ka jwenn dokiman sit ki tradui sou sit entènèt Rivyè Lower Neponset la anba "Dokiman ki disponib pou piblik la (Publicly Available Documents)" nan www.epa.gov/neponsetriver.

Lis Adrès Postal

EPA ap kontinye konstwi ak kenbe yon lis adrès postal pou sit la. Yo te devlope lis la sou baz fèy enskripsyon reyinyon yo, entèvyou kominotè yo, ak kesyon sou imel ak nan telefòn. Pou yo ajoute w nan lis adrès postal la, tanpri voye yon demann pa imel, telefòn oswa kourye lapòs regilye bay kowòdonatè patisipasyon kominotè EPA a ZaNetta Purnell nan purnell.zanetta@epa.gov.

Avètisman sou Pwason ak Sante

Lè nivo kontaminan nan pwason oswa kristase yo pa an sekirite, avètisman yo ede moun yo pran desizyon klè sou ki kote pou fè lapèch oswa rekòlte kristase. Avètisman yo te rekòmande pou moun yo limite oswa evite manje sèten espès pwason ak kristase yo kenbe nan sèten zòn. Yo ka bay yo pou piblik la anjeneral oswa pou gwooup moun byen presi ki gen risk. EPA ap travay avèk Depatman Sante Biblik Massachusetts pou kontinye mete ajou avètisman yo epi devlope materyèl sansibilizasyon sou avètisman yo.

Aktyèl Avi sou Pwason

Nenpòt moun ka kenbe pwason, men se pa tout moun ki ta dwe manje pwason nan Rivyè Neponset la ak Mother Brook. Depatman Sante Biblik Massachusetts (DPH) gen konsèy espesifik konsènan moun ki ka manje san pwoblèm pwason yo kenbe nan Rivyè Neponset la.

Manje pwason dlo dous ke ou kenbe nan Rivyè Neponset la ka danjere akòz pwodui chimik nan pwason an. Li enpòtan pou swiv enfòmasyon ki pi ba a pou:

- Elajisman Rivyè Neponset ant Hollingsworth ak Baraj Vose nan Walpole ak Baraj Walter Baker nan Dorchester/Milton Lower Mills Industrial Complex.
- Mother Brook ant baraj Knight Street ak Rivyè Neponset.

Timoun ki pokò gen 12 an, fanm ansent, manman k ap bay tete ak fanm ki ka vin ansent PA ta dwe manje okenn pwason yo kenbe nan zòn sa yo. Pwodui chimik ki nan pwason sa yo ka domaje yon fetis k ap devlope, tibebe ak timoun piti. Gwooup sa yo ka gen plis risk pou domaje pase lòt moun.

Tout lòt moun ta dwe:


- PA manje okenn pwason American Eel oswa White Sucker ki soti nan zòn sa a. Kalite pwason sa yo gen gwo kantite pwodui chimik ki pa an sekirite pou okenn moun manje.
- LIMITE konsomasyon tout lòt pwason dlo dous nan zòn sa a nan nivo ki pa plis pase de repa chak mwa. Lòt pwason dlo dous ki soti nan Rivyè Neponset la gen mwens kantite pwodui chimik pase pwason American Eel oswa White Sucker, men toujou yo pa ta dwe konsome plis pase de fwa pa mwa.

'Pou plis enfòmasyon sou avètisman aktyèl yo ak konsèy nan tout eta a, tanpri vizite <https://www.mass.gov/lists/fish-consumption-advisories#advisories>.

Depatman Sante Biblik Massachusetts te devlope tou yon fich enfòmasyon sou itilizasyon Rivyè Lower Neponset pou lwazi. Li disponib nan semspub.epa.gov/src/document/01/100021302.

Pwosesis Koreksyon Superfund

Apre yo fin dekouvrir oswa idantifye sit Superfund yo, EPA itilize de kalite repons debaz pou jere sit ki polye yo: aksyon pou retire ak aksyon koreksyon. Aksyon retire yo jere devèsman lwl an ijans, devèsman pwodui chimik ak repons akoutèm. Aksyon an ijans yo elimine risk imedya epi asire sekirite publik. Aksyon koreksyon jere sit konplèks ki bezwen repons alontèm yo. Aksyon koreksyon jere devèsman ki pa reprezante yon menas ijan pou sante publik oswa pou anviwònman an epi ki pa egzije aksyon imedya. Aksyon koreksyon yo enplike sit konplèks ak trè kontamine ki souvan mande plizyè ane pou etidyé pwoblèm nan, devlope yon solisyon pèmanan ak netwaye fatra danjere yo. Se ak sit sa yo pifò moun panse lè yo tandé pale sou pwogram Superfund lan. Seksyon ki pi ba a dekri etap jeneral nan pwosesis koreksyon Superfund EPA a. Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la se yon sit koreksyon e li nan etap Karakterizasyon kounye a.



Evalyasyon

EPA detèmine si yon sit reprezante yon menas pou moun yo ak anviwònman an epi si danje yo bezwen abòde imedyatman oswa si yo pral kolekte plis enfòmasyon sou sit. EPA itilize enfòmasyon yo kolekte pandan faz evalyasyon pwosesis Superfund lan pou fè bay sit yo nòt selon danje yo ka poze pou sante moun ak anviwònman an. Si yon sit gen yon nòt ase wo nan Sistèm Klasman Danje a (HRS) epi li satisfè tout lòt kritè yo, EPA gendwa pwopoze l pou mete sou lis NPL la.

Karakterizasyon

Yon fwa yon sit sou NPL la, plis envestigasyon sou pwoblèm yo nan sit la ak pi bon fason pou abòde yo. Yo rele sa ankèt koreksyon ak etid fezabilite (RI/FS). Apre devlopman lòt chwa netwayaj, EPA rekòmande opsyon li konsidere ki pi bon pou sit la epi ofri l bay kominote a pou evalyasyon ak kòmantè nan yon Plan Pwopoze.

Seleksyon Solisyon

Metòd netwayaj yo finalman chwazi pou sit la, ak rezon ki dèyè chwa a tabli nan Dosye Desizyon an (ROD). ROD a diskite sou tout aktivite anvan yo chwazi yon metòd netwayaj epi dekri kijan metòd netwayaj la pral pwoteje sante moun ak anviwònman an.

Netwayaj

Faz netwayaj la gen de pati. Pandan faz konsepsyón koreksyon an, plan pou metòd netwayaj la fèt avèk anpil atansyon. Aksyon koreksyon la kòmanse netwayaj aktyèl la nan yon sit.

Aprè Konstriksyon

Aprè EPA detèmine ke aksyon koreksyon netwayaj fizik yon sit fini, aktivite apre konstriksyon yo asire ke aksyon netwayaj yo pral pwoteje sante moun yo ak anviwònman an alontèm. Aktivite sa yo ka gen ladan yo antretyen woutin nan yon sit tankou asire ke pano ak kloti yo entak oswa sistèm tretman tè yo ap fonksyone san pwoblèm. EPA ka retire yon sit oswa yon pati nan yon sit (pafwa yo rele l yon inite ki ka itilize) nan NPL la si tout objektif netwayaj yo te atenn epi pa gen okenn lòt nesesite aksyon netwayaj pou pwoteje sante moun ak anviwònman an.



Youn nan plizyè lansman kannòt Rivyè Lower Neponset.

Kontak Prensipal yo

Kontak EPA

Ajans Pou Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) Rejyon 1

5 Post Office Square – Suite 100
Boston, MA 02109

ZaNetta Purnell

Kowòdonatè Patisipasyon Kominotè
(617) 918-1306
purnell.zanetta@epa.gov

Natalie Burgo

Direktè Pwojè Mezi pou Koreksyon
(617) 918-1331
burgo.natalie@epa.gov

Alexander Pluta

Direktè Pwojè Mezi pou Koreksyon
(617) 918-1258
pluta.alexander@epa.gov

Kontak Patnè Sit yo

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (MassDEP)

100 Cambridge Street, 9yèm Etaj, Suite 100
Boston, MA 02104

Jennifer McWeeney

Direktè Pwojè Mezi pou Koreksyon
(617) 654-6560
jennifer.mcweeney@mass.gov

Ofisyèl Eli yo

- Chanm Reprezantan Etazini. Vizite www.house.gov/representatives/find-your-representative pou enfòmasyon kontak pou reprezantan kongrè w la. Sit Rivyè Lower Neponset la nan 7yèm ak 8yèm distri kongrè a.
- Sena Etazini. Vizite www.senate.gov/senators pou enfòmasyon kontak aktyèl senatè ameriken ou yo pou Massachusetts.
- Chanm Eta Massachusetts. Vizite malegislature.gov/search/findmylegislator pou enfòmasyon kontak pou reprezantan eta ou an. Sit Rivyè Lower Neponset la nan 12yèm Distri Suffolk, 14yèm Distri Suffolk ak 7yèm Distri Norfolk.
- Sena Eta Massachusetts. Vizite malegislature.gov/search/findmylegislator pou enfòmasyon kontak pou senatè w la. Sit Rivyè Lower Neponset la nan 2yèm Distri Suffolk, Norfolk, Plymouth ak Bristol, ak Distri Norfolk ak Suffolk.

Medya Lokal yo

EPA ka bay jounal, estasyon radyo ak televizyon lokal yo mizajou ak enfòmasyon epi mande yo pou fè repòtaj sou pwoblèm ki gen rapò ak sit la. Anplwaye EPA ap disponib pou entèvyou epi y ap reponn kesyon medya yo alè. Kesyon medya nouvèl yo ta dwe adrese bay JoAnne Kittrell nan kittrell.joanne@epa.gov.

EPA ka pibliye avi publik konsènan reyinyon ak lòt evènman yo nan jounal lokal yo epi voye avi bay lòt medya lokal yo. EPA gendwa medya ki pi ba yo kòm yon pati nan efò sansibilizasyon ak livrezon enfòmasyon.



Jounal

Bay State Banner
Boston Globe (ki gen ladan A Beautiful Resistance, yon rapò espesyal)
Boston Herald
Dorchester Reporter
Hyde Park Bulletin
Milton Times
The Word Boston



Chèn televizyon

WBZ-TV
WCVB
WHDH
Boston 25
Milton Access TV



Estasyon radyo

WBUR
WBZ
WGBH
WWOC
Estasyon lang Espanyòl
Estasyon lang Kreyòl Ayisyen
Emisyon pati konsène Hyde Park



Bilten enfòmasyon/nouvèl nan zòn nan

Lis imel Boston Green New Deal Coalition
Bilten Biwo Katye Majistra Boston
Magazin Commonwealth
Bilten Nouvèl Koneksyon Milton
Asosasyon River Street

Depo Enfòmasyon

EPA te etabli plizyè lokal kote kominate a kapab revize dokiman sit yo an pèsòn. Lokal bibliyotèk publik sa yo gen depo enfòmasyon, anplis Sant Dosye Superfund Rejyon 1 EPA a. Publik la ka revize dokiman sa yo nan lè nòmal bibliyotèk yo.



Bibliyotèk Piblik

Milton
476 Canton Avenue
Milton, MA 02186

Branch Hyde Park nan

Bibliyotèk Piblik Boston
35 Harvard Avenue
Hyde Park, MA 02136

Branch Mattapan nan

Bibliyotèk Piblik Boston
1350 Blue Hill Avenue
Mattapan, MA 02126

Resous Asistans Teknik Kominotè

EPA bay kominote yo asistans anplis atravè divès kalite resous asistans teknik. Resous sa yo genyen ladan yo, sipò fòmasyon pou pwogram Sibvansyon Asistans Teknik (TAG), Sèvis Asistans Teknik pou Kominote yo (TASC), ak sipò fòmasyon Gwoup Konsiltatif Kominotè (CAG). Pou plis enfòmasyon sou resous sa yo, tanpri vizite www.epa.gov/superfund/superfund-technical-assistance-communities.

	TAG	TASC	Sipò Fòmasyon CAG
Apèsi sou Pwogram/Sipò	<ul style="list-style-type: none"> Bay sibvansyon pou gwooup kominotè elijib ke sit Superfund NPL yo afekte ak sit NPL yo pwopoze yo pou fè kontra avèk konseye teknik endepandan pou bay sèvis ki endike pi ba yo. Gwoup kominotè yo dwe kapab jere yon sibvansyon, yo dwe yon òganizasyon enkòpore ki pa la pou fè lajan epi bay yon patisipasyon 20%, ki ka gen ladan sèvis ki pa lajan. 	<ul style="list-style-type: none"> Bay sèvis asistans enfòmasyon teknik atravè yon kontra EPA nasyonal. Yo ofri sèvis yo gratis pou kominote yo. Apwopriye pou kominote ki gen bezwen akoutè ak alontèm. 	<ul style="list-style-type: none"> CAG yo bay yon fowòm pou diskisyon kominotè sou pwoblèm ki gen rapò ak sit la epi yo genyen nan yo reprezantan divès pèspektiv nan kominote a. EPA ka ede nan fòmasyon CAG.
Sèvis yo	<ul style="list-style-type: none"> Revizyon ak eksplikasyon sou dokiman ak enfòmasyon teknik sit la. Kòmantè sou dokiman teknik yo. 	<ul style="list-style-type: none"> Revizyon ak eksplikasyon sou dokiman teknik sit ak enfòmasyon. Kòmantè sou dokiman teknik yo. Fòmasyon ak atelye travay kominotè. Prezantasyon edikatif. Evalyasyon bezwen asistans teknik yo. Fasilité reyinyon kominotè yo. Sèvis konseye teknik pandan reyinyon kominotè yo. Sansibilizasyon ak materyèl edikatif pou kominote yo. Èd pou konprann pwosesis pou pran desizyon anviwònmental an. Tradiksyon lang. 	<ul style="list-style-type: none"> Reyinyon enfòmasyon konsènan CAG yo. Asistans nan detèmine gwochè CAG ak Abònman/Mann. Fòmasyon pou manm CAG yo. Sèvis sipò administratif ak tradiksyon, ak animasyon reyinyon yo.

Reytilizasyon ak Redvelopman Sit

Objektif EPA se asire ke netwayaj la konsistan avèk posiblite itilizasyon yon sit alavni. Konsiderasyon reytilizasyon nan yon sit ka fèt nan nempòt nivo nan pwosesis Superfund lan, soti nan aktivite envestigasyon pou rive nan efase nan NPL la. Nan sit Rivyè Lower Neponset la, EPA te òganize diskisyon sou reytilizasyon avèk manm kominote ki te enterese yo atravè entèvyou gwoup diskisyon sou entènèt nan mwa Mas ak Avril 2023. EPA te bay manm kominote ki pa t kapab patisipe nan entèvyou gwoup diskisyon sa yo yon lòt metòd pou patisipasyon atravè yon sondaj sou entènèt. Rezulta sondaj sa a pral rezime an kolaborasyon avèk sesyon entèvyou gwoup diskisyon yo. EPA te òganize diskisyon sou reytilizasyon sit ak minisipalite zòn yo ak ajans yo nan sezon prentan 2023.

Patisipasyon Kominotè pandan Reytilizasyon ak Redvelopman

EPA travay avèk gouvènman lokal yo, òrganizasyon kominotè yo, biznis yo, rezidan yo ak patnè yo pou konsidere reytilizasyon sit Superfund yo. Planifikasyon reytilizasyon amelyore angajman kominote a pandan netwayaj Superfund lè li pran devan pou enkli kominote yo nan pwosesis pou pran desizyon an.

Pou plis enfòmasyon sou planifikasyon reytilizasyon ak resous asistans teknik ki disponib pou kominote yo, vizite

www.epa.gov/superfund-redevelopment-initiative/community-support-superfund-sites.



Baraj Tileston ak Hollingsworth sou Rivyè Lower Neponset.

Kesyonè Entèvyou Kominotè/ Pati Konsène yo

EPA te itilize kesyon sa yo lè li t ap fè entèvyou kominotè yo ak gwoup diskisyon konsènan Sit la. Repons moun yo bay kesyon sa yo te eklèsi seksyon Pwoblèm ak Enkyetid Kominotè CIP sa a.

Enfòmasyon sou Entèvyou yo

1. Èske w ap travay, abite oswa vizite souvan zòn ki toupre Sit la?
 - a. Si wi, pandan konbyen tan oswa konbyen fwa / frekans?
 - b. Ki zòn espesyalman? Tanpri bay lokal kote ou travay, abite ak/oswa vizite (pa egzanp, katye, lari/entèsekson, lye istorik, pak).
2. Èske w fè pati yon òganizasyon oswa yon gwoup kominotè? Si wi, kiyès li (yo) ye?

Konesans Jeneral

3. Ki kantite konesans ou t ap di ou genyen sou sit la?
4. Èske w gen nenpòt enterè oswa enkyetid konsènan Sit la oswa netwayaj?

Bezwen ak Resous Enfòmasyon Ou yo

5. Èske w sou lis imel sit la oswa lis adrès postal sit la? Si non, epi ou ta renmen nan lis la, tanpri bay imel ou ak/oswa adrès postal ou.
6. Ki pi bon fason pou EPA bay plis enfòmasyon sou netwayaj la?

a. Fèy Enfòmasyon	e. Anvlòp Postal Papye
b. Rankont piblik/jounen pòt ouvèt	f. Imel
c. Atravè gwoup kominotè yo	g. Medya sosyal
d. Sit entènèt	h. Lòt
7. Ki jou nan semèn nan ak ki lè ki pi bon pou reyinyon kominotè yo?
8. Èske w prefere resevwa materyèl (tankou fich enfòmasyon) elektwonikman pa imel oswa kopi papye pa lapòs?
9. Ki jan manm kominote a anjeneral jwenn aksè nan enfòmasyon sou pwoblèm lokal yo?
 - a. Jounal? Si wi, kiyès nan yo?
 - b. Radyo? Si wi, kiyès nan yo?
 - c. Medya sosyal? Si wi, ki sit/paj/platfòm?
 - d. Televizyon, bilten nouvèl oswa lòt metòd? Si wi, kiyès nan yo?
 - e. Lòt metòd? Si wi, kiyès nan yo?

Itilizasyon Sit nan Kominote a

10. Ki sa ou panse ki pwoblèm ak enkyetid kominote a ki gen rapò ak netwayaj la?
11. Èske gen nenpòt gwoup moun ki itilize zòn sit ke nou ta dwe okouran de yo?
12. Si wi, ki jan moun itilize zòn sit yo?
13. Apre yo fin netwaye sit la jiska yon nivo ki pral diminye risk pou sante moun ak anviwònman an, nan ki fason ou panse Sit la ta dwe itilize? Èske ou panse moun ap itilize l plis oswa mwens pase jan yo itilize l kounye a?
14. Èske w panse pèsepsyon kominote a sou zòn sit la ap chanje apre yo fin netwaye Sit la jiska yon nivo ki pral diminye risk pou sante moun ak anviwònman an? Si wi, kòman?
15. Èske gen aktivite oswa itilizasyon espesifik ke ou ta renmen wè nan pwopriyete Sit la alavni?
16. Ki kalite nouvo itilizasyon oswa ekipman kominote a ta renmen wè oswa jwenn aksè nan zòn pwojè sit la alavni?
17. Ki sèvis oswa itilizasyon ki nesesè nan kominote a? Èske gen nenpòt kote toutolon zòn pwojè sit la ki ta ka ede abòde inegalite ki genyen yo?

Rezime Kòmantè Kominotè

Pandan peryòd kòmantè publik la, EPA te resevwa fidbak sou vèsyon preliminè dokiman CIP a nan men senk moun/òganizasyon. Pi ba a gen yon rezime kòmantè adisyonèl ke kominote a soumèt pou konsiderasyon EPA. Kòmantè yo òganize pa sijè epi konbine lè sa apwopriye pou eklèsisman. Yo te fè Mizajou nan CIP a pou reflete kòmantè yo resevwa yo.

Ekite ak Jistis Anviwònmantal

- Plis pase yon patisipan te rekòmande pou EPA òganize reyinyon publik ibrid pou ogmante aksè ak prezans nan reyinyon yo.
- Plizyè patisipan te note ke yon gwo pati nan rezidan yo pale lòt lang ki pa Anglè epi yo sijere pou EPA pwodui materyèl sansibilizasyon nan plizyè lang pou pi byen adrese pòsyon sa a nan popilasyon an. Yon lòt patisipan te rekòmande pou genyen entèprèt ki disponib nan reyinyon EPA yo.
- De patisipan te sijere itilize kòd QR pou rann pano sit la aksesib nan plizyè lang.
- Plizyè kòmantè te sijere ke, pou pi byen sèvi tout pati konsène nan kominote a, reyinyon publik yo ta dwe òganize nan yon seri lokal ki chanje tanzantan epi ki distribye egalego atravè sit la.
- De patisipan te di ke EPA ta dwe bay priyrite pou òganize reyinyon publik nan kominote Jistis Anviwònmantal yo.
- Yon patisipan te sijere ke nenpòt CAG ki fòme pou sit la ta dwe gen ladan yon sou-gwoup espesifik ki konsantre sou kominote Jistis Anviwònmantal yo.
- Yon patisipan te defann plis aksè nan rivyè a ak plis espas lwazi ki genyen lonbraj, espesyalman pou rezidan ki sou bò Rivyè Milton nan.

Yo te fè Mizajou nan seksyon Pwoblèm ak Enkyetid Kominotè yo e seksyon Plan Dakson Patisipasyon Kominotè yo pou reflete kòmantè ki pi wo a.

Metòd Kominikasyon Prefere

- Kèk repons ki soti nan kominote a te konsantre sou enpòtans pou gen pano ki afiche nan tout zòn sit la pou bay enfòmasyon sou aktivite k ap kontinye sou sit la.
- Anpil rezidan nan zòn sit la fè pati Asosyasyon Katye yo. De patisipan te rekòmande kolabore deprè ak gwoup sa yo e petèt ale nan reyinyon Asosyasyon Katye yo lè EPA gen nouvo enfòmasyon pou distribye. Patisipan sa yo sigjere ke ale nan reyinyon sa yo ap pèmèt entèrakson dirèk ak anplwaye EPA epi pètèt kreye konfyans nan EPA nan kominote sa yo.
- De patisipan te sijere pou angaje ak kominote reliye yo pou angaje rezidan yo plis.
- Kèk patisipan te defann pou EPA rankontre rezidan yo sou pwopriyete ki toupre yo, sitou sa ki toupre zòn sit Lewis Chemical ak Riverside Square.

Yo te fè Mizajou nan seksyon Pwoblèm ak Enkyetid Kominotè yo ak seksyon Plan Dakson Patisipasyon Kominotè yo pou reflete kòmantè ki pi wo a.

Baraj ak Dragaj

- Yon kòmantè te konsantre sitou sou avantaj ekolojik ak sekirite kominotè ki genyen nan retire baraj e li te sijere pou retire baraj kòm yon pati nan efò koreksyon an.
- Yon patisipan espesyalman te mande asistans TASC pou konprann enpak kontaminasyon sit la sou estyè Neponset la.
- Nan yon kòmantè, patisipan an te defann yon elajisman limit sit la pou mete zòn anba yo ki gen yon gwo nivo plon, PCB, ak kwom. Repondan sa a te rekòmande pou sit la gen ladan zòn sid baraj Walter Baker a.
- Enkyetid sou depans pou netwayaj kontaminasyon anba rivyè a te site nan yon repons.
- De patisipan te soulve enkyetid tou konsènan sante marekaj sale a, pwoteksyon abita zwazo ak pwason epi enpak potansyèl sou potansyèl devlopman bò rivyè.

Yo te fè Mizajou nan seksyon Pwoblèm ak Enkyetid Kominotè yo pou reflete kòmantè ki pi wo a.

Oganizasyon

- Asosyasyon Katye Fairmont Hill
- Asosyasyon Basen Vèsan Rivyè Neponset (NepRWA)
- AMC Paddling Committee Boston Chapter
- Hyde Park Neighbors Facebook

Yo te fè Mizajou nan seksyon Pwoblèm ak Enkyetid Kominotè yo pou reflete kòmantè ki pi wo a.

Sondaj Kominotè sou Evelyasyon reytilizasyon

EPA te itilize enfòmasyon ak kesyon sa yo pou yon sondaj sou entènèt pou rasanble enfòmasyon konsènan preferans reytilizasyon kominotè a pou Sit la. Repons kesyon sa yo te eklèsi Evelyasyon Reytilizasyon sit la.

Entwodiksyon

Sit Rivyè Lower Neponset genyen 3.7 maylz toutolon Rivyè Neponset nan Boston ak Milton, Massachusetts. Nan Mas 2022, EPA te ajoute sit Rivyè Lower Neponset la nan Lis Priyore Nasyonal la. Kounye a, yon Envestigasyon Koreksyon (RI) ak Etid Fezabilite (FS) sou pye pou detèmine nivo kontaminasyon an. EPA ap fè yon Evelyasyon Reytilizasyon pou sit la tou. Rezulta Evelyasyon Reytilizasyon sa a pral ede idantifye yon fason rezonab itilizasyon tè alavni, gide netwayaj EPA a epi ede gouvènman lokal ak eta a nan aktivite planifikasyon itilizasyon tè yo alavni.

Sondaj sa a pral rasanble fidbak kominote a pou 1 mete nan Evelyasyon Reytilizasyon. EPA konsidere itilizasyon tè alavni epi si plan reytilizasyon ak netwayaj yo konpatib, men EPA pa kapab peye pou lide reytilizasyon yo sijere nan sondaj sa a. Sepandan, repons patisipan yo pral dokimante epi yo ka eklèsi diskisyón planifikasyon reytilizasyon yo avèk patnè lokal yo, mèt pwopriyete yo, gouvènman lokal yo ak gouvènman eta yo ki responsab pou desizyon sou itilizasyon tè yo. Rezulta sondaj sa a ap anonim.


Kadraj

EPA ap fè yon Evelyasyon Reytilizasyon an menm tan pou sit la tou. Dokiman an kolekte enfòmasyon enpòtan sou enfrastrikti sit la, anviwònman, planifikasyon ak lwa zonaj yo pou predi itilizasyon rezonab sit la alavni. Kòm yon pati nan Evelyasyon an, sondaj sa a vize rasanble vizyon kominote ki nan alantou a pou itilizasyon alavni zòn sit la. EPA pa ka pwomèt oswa finanse reytilizasyon yo sijere nan sondaj sa a. Sepandan, repons patisipan yo pral eklèsi diskisyón sou reytilizasyon avèk otorite lokal yo ak otorite leta yo ki responsab pou pwochen pwojè reytilizasyon sou plas. Rezulta sondaj sa a ap anonim.

Mèsi paske w patisipe nan sondaj sa a.

Kesyon

1. Ki kote ou travay, abite oswa vizite souvan nan zòn ki toupre sit la? Si wi, pandan konbyen tan oswa konbyen fwa / frekans?
2. Ki jan manm kominote a ta renmen wè sit la redevlope alavni? Ki kalite sèvis, itilizasyon, oswa ekipman ki nesesè nan kominote a? Ki kote ou ta renmen wè sa yo toutolon larivyè a?
3. Rekonèt sit la gen plis pase 3 mayls longè, èske gen zòn patikilye nan sit la kote reytilizasyon oswa redevlopman pral enpòtan pou nou konsidere?
4. Èske w gen nenpòt enkyetid oswa w wè nenpòt difikilte ki gen rapò avèk netwayaj epi reytilizasyon tè?
5. Ki sa ki t ap pèmèt ou santi w konplètman angaje nan netwayaj Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la? Ki jan EPA ak manm kominote yo ka sipòte youn lòt nan fè sa reyalize?



Jesyon Resous Kiltirèl

Seksyon 106 Lwa Nasyonal pou Konsèvasyon Istorik la (NHPA) egzije pou ajans federal yo pran an konsiderasyon efè "angajman" Federal yo sou pwopriyete istorik ki swa ki nan lis oswa ki kalifye pou mete nan lis Rejis Nasyonal Lye Istorik

yo. Anplis de sa, politik EPA se pou konsilte sou yon baz gouvènman ak gouvènman tribi federal rekonèt yo, lè aksyon ak desizyon EPA yo ka afekte enterè tribi yo. Konsiltasyon se yon pwosesis komunikasyon ak kowòdinasyon enpòtan ant EPA ak ofisyèl tribi yo anvan EPA aji oswa aplike desizyon ki ka afekte tribi yo. Kòm yon pwosesis, konsiltasyon gen ladan plizyè metòd entèraksyon ki ka fèt nan diferan nivo. Nivo entèraksyon apwopriye a detèmine grasa pratik pase ak aktyèl yo, ajisteman ki fèt atravè Règleman sa a, dyalòg kontinyèl ant EPA ak gouvènman tribi yo, epi pwosedi ak plan konsiltasyon pwogram ak biwo reyjonal yo.

Pou Sit Rivyè Lower Neponset la, EPA nan faz kòmansman pou kòmanse pwosesis Seksyon 106 la, ki gen ladan idantifye Responsab Konsèvasyon Istorik Eta (SHPO) ak Responsab Konsèvasyon Istorik Tribi (THPO) apwopriye, ansanm ak devlope yon plan pou enplike piblik la epi idantifye lòt pati konsiltan yo. Nan sit la, gen 3 tribi federal rekonèt, yon tribi federal pa rekonèt, ak komisyon istorik eta a. Yo te voye yon lèt bay chak pati konfòmeman ak Seksyon 106 NHPA a. Apre EPA fin konsilte ak tout pati ki aplikab yo ak tout pati konsène yo, si yo detèmine ke demach la ka afekte pwopriyete istorik yo, alò pwochen etap nan pwosesis Seksyon 106 la pral detèmine dimansyon efò yo, idantifye pwopriyete istorik yo, epi evalye siyifikasyon istorik. Detèmine efè negatif sou resous istorik yo baze sou kritè règleman yo etabli, 36 CFR Pati 800 Règleman Konsèy Konsilitatif pou Konsèvasyon Istorik la (ACHP).

Lwa Nasyonal pou Konsèvasyon Istorik (NHPA): <https://www.nps.gov/subjects/historicpreservation/national-historic-preservation-act.htm>.

Konsèy Konsilitatif pou Konsèvasyon Istorik (ACHP) - 36 CFR PATI 800 – Pwoteksyon Pwopriyete Istorik yo:
<https://www.achp.gov/protecting-historic-properties>.

www.epa.gov/sites/default/files/2015-08/documents/r1consultationimplementationguidancedocument.pdf

**RIVYÈ LOWER NEPONSET
PLAN PATISIPASYON KOMINOTÈ**

Novanm 2023

www.epa.gov/superfund/lowerneponset

